

Swen alontèm nan yon etablisman swen enfimye - lis verifikasyon pou yon aplikasyon

Sèvi ak lis verifikasyon sa a e lis konsèy la lè oumenm oubyen reprezantan otorize ou a ap fè aplikasyon pou benefis swen alontèm (LTC) MassHealth. Benefis LTC yo se pou moun k ap chèche jwenn kouvèti pou etablisman swen enfimye nan yon etablisman swen enfimye kalifye. Pou jwenn benefis LTC a, se pou oumenm oubyen reprezantan otorize ou deziyen an (ARD) ranpli omwen de fòmilè sa yo.

- [Aplikasyon pou kouvèti ansirans sante pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm](#) epi
- [Dispans nan sèvis swen alontèm lakay e nan yon milye kominotè \(Sipleman A\)](#).

Aplikasyon yo gendwa soumèt anvan tout verifikasyon nesèsè yo soumèt. Eseye soumèt tout verifikasyon ki posib ansanm avèk aplikasyon an.

Pwosesis aplikasyon pou swen alontèm

65 an e pi gran, aplikasyon pou benefis swen alontèm

- Lè MassHealth resewva aplikasyon pou benefis LTC yo, l ap asiye bay yon ajan akèy LTC nan yon Sant enskripsyon MassHealth (MEC). Aplikasyon yo trete nan lòd yo te resewva yo.
- Yon fwa ajan akèy la egzamine aplikasyon an, MassHealth gendwa voye yon lèt ba ou pa lapòs pou l mande pou plis dokiman pou l decide si w kalifye. W ap gen 30 jou apati dat ki make sou lèt la pou w voye dokiman yo.
MassHealth gen jiska 45 jou pou l decide si yon moun kalifye pou benefis LTC yo. Si w fè aplikasyon poutèt yon andikap e voye fòmilè andikap la, pwosesis revizyon an ka pran jiska 90 jou. MassHealth ap voye pa lapòs yon lèt sou desizyon an bay aplikan an e reprezantan otorize li deziyen an.

Poko gen 65 an, aplikasyon pou benefis swen alontèm

MassHealth, Administrasyon sekirite sosyal (SSA) oubyen Komisyon pou moun avèg nan Massachusetts gen pou idantifye ke yon moun gen yon andikap anvan pou MassHealth ba yo sèvis swen alontèm.

Si pa gen youn nan ajans ki site anwo a ki idantifye yon andikap pou aplikan an, se pou w tanpri fè sa ki make la a:

1. se pou w ranpli [Sipleman MassHealth pou adilt ki gen andikap](#),
2. se pou w ranpli [Otorizasyon pou pataj enfòmasyon medikal ki pwoteje a](#). Se pou w ranpli toude bò fòmilè a pou chak founisè medikal ki site, epi
3. voye fòmilè yo bay swa Sèvis evalyasyon andikap MassHealth oswa responsab ka LTC ou a. Ou ka jwenn kòman pou w soumèt enfòmasyon yo nan www.mass.gov/how-to/apply-for-masshealth-the-health-safety-net-or-the-childrens-medical-security-plan.

Li ka pran jiska 90 jou pou trete sipleman pou andikap yon moun.

[Sipleman MassHealth pou adilt ki gen andikap](#) la ap sèlman trete si aplikan LTC a deja yon manm MassHealth oubyen gen yon nouvo aplikasyon MassHealth ki soumèt.

Lis verifikasyon an

	Aplikan	Konjwen	Pa aplike
Nan Aplikasyon pou kouvèti asirans sante pou moun aje e moun ki bezwen sèvis swen alontèm nan , make "swen alontèm" sou premye paj aplikasyon an e mete non aplikan an e non konjwen aplikan an sou liy ki anba ki make konjwen an depi ta gen youn. <i>Moun 1 se moun k ap fè aplikasyon pou benefis LTC yo. Moun 2 se konjwen an, si gen youn.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Reponn "wi" oubyen "non" pou tout kesyon pou aplikan an e konjwen li an. (Si l marye, seksyon moun 2 a dwe ranpli menm si konjwen an p ap fè aplikasyon).	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Siyen e date aplikasyon an.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Ranpli, siyen, epi date Dispans nan sèvis swen alontèm lakay e nan yon milye kominotè (Sipleman A) .	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Si w ap fè aplikasyon onon aplikan an kòm reprezantan otorize ki deziyen (authorized representative designee, ARD), asire Fòmilè pou deziyasyon reprezantan otorize a ranpli e voye l ansanm ak aplikasyon an. Si seksyon 3 nan fòmilè ARD a ranpli, se pou w tanpri mete dokiman legal yo pou montre otorizasyon an.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

	Aplikasyon	Konjwen	Pa aplike
Soumèt yon fòmilyè pou chanjman nan estati (SC-1) (se anplwaye etablisman swen enfimye a ki jeneralman voye sa). Fòmilyè SC-1 an bay enfòmasyon sou admisyon aplikasyon an nan etablisman an.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Soumèt fòmilyè Nivo swen an (Level of Care, LOC) ki montre admisiblité klinik la (se anplwaye etablisman swen enfimye a ki jeneralman voye sa).	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Soumèt etakont sou peman prive e Kont pou bezwen pèsònèl (Personal Needs Account, PNA) etablisman an (se anplwaye etablisman swen enfimye a ki jeneralman voye sa).	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Pou moun ki poko gen 65 an ki pa idantifye kòm yon moun ki gen andikap nan MassHealth, Administrasyon sekirite sosyal (SSA) oubyen Komisyon pou moun avèg nan Massachusetts la:</p> <p>Ranpli fòmilyè Sipleman MassHealth pou adiit ki gen andikap la epi Otorizasyon pou pataj enfòmasyon medikal ki pwoteje a. Voye yo dirèkteman bay asistan sosyal LTC a oubyen bay Sèvis evalyasyon andikap la (Disability Evaluation Services, DES). Enstriksyon yo nan Sipleman pou moun ki gen andikap la. Mete tout dokiman legal avèk fòmilyè ARD a si sa aplikab. Ou gendwa resevwa yon repons pi rapid si w voye fòmilyè yo bay asistan sosyal LTC ou a.</p> <p>Si w voye sipleman pou andikap ou a dirèkteman bay DES, se pou w founi tanpri prèv soumisyon an bay MassHealth.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

	Aplikasyon	Konjwen	Pa aplike
<p>Estatèl sou sitwayènte oubyen nan imigrasyon</p> <p>Voye prèv sou estatèl sitwayènte oubyen nan imigrasyon</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Reveni</p> <p>Voye prèv pou tout reveni pa mwa pou tout sous yo, anvan dediksyon taks (montan brit la).</p> <p>Sous reveni yo gendwa gen ladan peman nan travay, benefis nan retrèt, pansyon, devidann, oubyen reveni nan lokasyon. Revize etakont bankè pou tout sous reveni ki pa rapòte.</p> <p>Epitou, voye prèv tout lajan oubyen reveni oumenm oubyen konjwen w lan gen oubyen transfere bay yon lòt moun nan dènye 60 mwa yo (5 lane) anvan ou fè aplikasyon an. Sa gen ladan sous reveni ou transfere bay konjwen w lan oubyen konjwen w lan transfere ba ou. Bay prèv sou montan ou te resevwa an dènye, ki lè e pouki li kanpe, oubyen bay kiyès ou te transfere sous reveni a epi ki lè transfè a te fèt.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Aktif			
<p>Kont bankè</p> <p>Kopi etakont bankè oubyen kanè pandan 60 dènye mwa yo anvan dat aplikasyon an pou jouk jodiya. Sa valab pou tout kont ki louvri e ki fèmen. (Tranzaksyon nan kont bankè ki enprime sou papye p ap aksepte; non bank lan, pwopriyete yo e nimewo kont yo dwe sou etakont yo.) Asistan sosyal ou a gendwa mande pou plis dokimantasyon si sa nesèsè. Sa gendwa varye pou chak ka.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Imobilye : Zak pou pwopriyete, fakti fiskal, dwa vyaje</p> <p>Yon kopi zak pou pwopriyete ki siyen e anrejistre, tou dènye fakti fiskal, prèv sou montan ki dwe a (dèt, liy kredi, oubyen ipotèk) pou tout byen aktyèl oubyen pandan dènye 60 mwa yo, san pa bliye dwa vyaje yo.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Transfè aktif</p> <p>Prèv pou tout aktif (kont bankè, veyikil, aksyon, obligasyon, etc.) aplikasyon an oubyen konjwen an vann, twoke, fè kado, oubyen mete non yon lòt pwopriyete nan dènye 60 mwa yo. Sa gen ladan aksyon aplikasyon an bay konjwen l lan oubyen konjwen an bay aplikasyon an.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Asirans vi</p> <p>Dènye etakont konpayi asirans lan pou tout polis asirans vi ki gen aktyèlman oubyen nan dènye 60 mwa yo, sa gen ladan AARP e lòt gwoup polis. Se pou deklarasyon yo montre premye valè nominal la e valè aktyèl la pou racha kach. Si polis la se yon polis tanporèl oubyen ki parannen pa konpayi travay la, oubyen li pa gen valè racha pou kach, sa dwe make sou etakont lan.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Tit</p> <p>Tou dènye etakont ki montre valè aktyèl yo e kantite aksyon ki gen pou tit tèlke aksyon, obligasyon (mete kopi papye orijinal la), obligasyon depay (mete kopi papye orijinal la), fon komen, tit, aktif ki nan kòfrefò, lajan kach ki pa nan bank, opsyon, oubyen kontra ki atèm.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

* [Lis verifikasyon akseptab](#) MassHealth la gendwa ede avèk lòt dokiman siplemantè yo.

	Aplikasyon	Konjwen	Pa aplike
<p>Kontra pou rant</p> <p>Yon kopi kontra pou rant ou gen alèkile oubyen nan dènye 60 mwa yo. Se pou mete tout paj, rezime, amanman e anèks, e lis benefisyè yo tou. MassHealth gendwa mande pou yon kopi chèk ki te ekri bay konpayi rant lan, aplikasyon an, oubyen lòt dokiman siplemantè.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Veyikil</p> <p>Yon kopi pape imatrikilasyon oubyen tit pou tout veyikil ki posede aktyèlman epi pandan tout dènye 60 mwa yo ansanm ak prèv sou valè aktyèl veyikil la. Sa gendwa se machin, venn, kamyonèt, veyikil pou lwazi, kay mobil, oubyen bato. Si yo te lwe oubyen prete pandan dènye 60 mwa yo, se pou bay yon kopi kontra lokasyon oubyen resi pou vant lan ki montre nenpòt depo ki te vèse,</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Plan antèman peye alavans</p> <p>Prèv pou tout antèman, kont, oubyen fidousi ki peye alavans. Sa gen ladan kontra pou mezon finerè epi machandiz e sèvis detaye, epi/oubyen etakont kont bankè pou antèman, depi ouvèti jouk pou jodiya.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Fidousi</p> <p>Tout dokimantasyon fidousi a pou dènye 60 mwa yo pou tout fidousi anplikasyon an se pwopriyete/kreyatè, fidousyè oubyen benefisyè (ansanm ak fidousi annantye, lis benefisyè yo, tout zak ki anrejistre, epi etakont bankè oubyen finansyè fidousi a gen).</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Prèv pou depo ki remèt bay yon etablisman ki founi swen sante oubyen pou rezidans ki founi asistans si posib.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Prèv pou tout depans ki koresponn ak antretyen kay la pou yon konjwen ki viv nan kay la. Sa gen ladan (men se pa sèlman) tou dènye fakti pou chofaj, kouran elektrik, taks imobilye, frè pou pwopriyete, e etakont ipotèk la.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Prèv tout polis asirans sante pou swen alontèm, tèlke kontra a, peryòd datant, montan pou peman, e benefis ki rete yo.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<p>Asirans sante</p> <p>Kopi aktyèl tout katon asirans sante e etakont prim aktyèl.</p>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Note byen: Ou ka soumèt fòmilè aplikasyon an anvan w soumèt prèv yo. Ou pa bezwen tann pou w soumèt yo tout ansanm.

Voye pa lapòs aplikasyon ki fin ranpli a ak tout prèv yo bay

Central Processing Unit (CPU)
P.O. Box 290794
Charlestown, MA 02129-0214

Fakse aplikasyon ki fin ranpli a ak tout prèv yo bay

(617) 887-8799

Voye pa lapòs fòmilè [Sipleman MassHealth pou adilt ki gen andikap](#) epi [Otorizasyon pou pataj enfòmasyon medikal ki pwoteje](#) ki fin ranpli yo bay

LTC case worker

EDMC

P.O. Box 4450

Taunton, MA 02780

Faks: 857-323-8300

oubyen

Disability Evaluation Services

UMASS Medical DES

P.O. Box 2796

Worcester, MA 01613-2796

* [Lis verifikasyon akseptab](#) MassHealth la gendwa ede avèk lòt dokiman siplemantè yo.